



Akò inyon sivil - Acuerdo de Unión Civil

Li enfòm sou kontra sivil ki regilarize relasyon santimanta ant moun ki gen menm sèks oswa sèks diferan.

◦ Kisa ki akò Inyon Sivil?

Akò Inyon sivil la se yon kontra ki siyen ant de (2) moun k ap viv ansanm. Objektif akò sa a se bay relasyon sa yon rekonesans legal. Moun ki kapab selebre akò sa a se sila yo ki nan yon relasyon santimantal ant fanm ak gason, gason ak gason oubyen fanm ak fanm.

◦ Èske moun sa yo vin gen yon lòt eta sivil lè yo fin siyen Akò Inyon Sivil la?

Wi, moun nan vin genyen yon Eta Sivil ki se Inyon Sivil (Oubyen li pase akt sivil) La jistis ap aplike sanksyon sa yo, sof si zak la konstitye yon deli ki gen pèn ki plis grav, tankou vyòl oubyen abi seksyèl.

◦ Ki moun ki ka siyen akò sa a?

Moun ki kapab fè akò Inyon Sivil la, se sila yo ki gen 18 lane oubyen plis e ki genyen libète pou administre bien yo posede yo.

◦ Kòman ou ka siyen yon akò Inyon Sivil?

Yo siyen li nan Servicio Registro Civil e Identificación (Sèvis Rejis Sivil e Idantifikasyon), oubyen yon lòt kote ke moun k ap siyen kontra yo chwazi (Ki nan zòn ki koresponn ak Biwo Rejis Sivil la). Ofisye leta sivil la ak 2 moun k ap pase Akt sivil la ap siyen yon papye ki fèt pou sa.

◦ Kiyès yo entèdi siyen legalman yon Akò Inyon Sivil?

Tout sila yo ki gen menm san (moun ki se fanmi tankou: papa, pitit, neve ak nyès, gran papa) oubyen ki gen yon afinite (Sila yo ki marye oubyen ki te marye ak fanmi mari a, fanmi madanm nan, fanmi bòfrè a, fanmi bèl sè a), konsangen kolateral dezyèm degre yo p ap kapab tou (tankou frè ak sè). Sila yo ki marye deja oubyen ki gen yon lòt Akò Inyon Sivil deja yo p ap ka fè l nonplis.

◦ Èske yo rekonèt akò Inyon Sivil ki siyen nan lòt peyi yo?

Wi, yo rekonèt akò Inyon sivil ki selebre validman nan lòt peyi, sèlman si li reponn ak kondisyon lwa Chili yo. Akò ki fèt nan lòt peyi yo dwe enskri nan yon rejis espesyal akò Inyon sivil yo. Maryaj ant moun ki gen menm sèks ki selebre nan peyi etranje pa valid Chili nan tout entegralite, men moun ki siyen kontra yo kapab enskri li Chili kòm Inyon Sivil si yo reponn ak nòm ke lwa Chili a etabli pou tip akò sa yo.

◦ Ki dwa ak devwa konjwen sivil yo genyen?

Youn dwe ede lòt, yo gen obligasyon pataje depans k ap fèt nan vi, selon posibilite ekonimik chak moun yo ak rejim patrimwàn ki egziste antre yo. Rejim patrimwàn nan se fason yo pataje byen yo genyen antre yo.

Y ap kapab konsève pwopriyete yo, y ap jwi e administre byen yo te genyen anvan yo te selebre kontra Inyon Sivil la ak byen yo vin genyen pandan yo nan relasyon Inyon Sivil la, Sof si yo fè yon pak ki defini yon lòt modalite pou pataje byen yo nan menm akò a.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.